

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa wadah pikeun ngébréhkeun ide atawa pikiran pangarang ngaliwatan gambaran pangalaman anu karandapan ku pangarangna sorangan. Salian ti kitu, karya sastra ogé mangrupa *refleksi* tina kaayaan sabudereun, boh ngeunaan sosial, boh ngeunaan lingkungan. Ku kituna sastra jeung masarakat mangrupa hiji beungkeutan anu moal bisa dipisahkeun. Pangna disebut kitu, lantaran sastra sumebarna di masarakat. Ayana sastra di tengah-tengah kahirupan masarakat téh lain saukur jadi hiburan, selingan dina ngeusi waktu, tapi ogé salaku alat bantu diajar rupa-rupa hal. Dina karya sastra, masarakat bakal manggih ajén-ajén anu bisa dijadikeun conto pikeun kahirupan sapopoé.

Salah sahiji karya sastra anu raket pisan jeung masarakat Indonésia nya éta dongéng. Dongéng téh sok disebut ogé carita rahayat (*folktale*) atawa carita balaréa. Pangna dongéng disebut carita balaréa téh lantaran dongéng sumebarna sacara lisan, tatalépa, sarta turun tumurun jeung teu kanyahoan saha pangarangna (*anonim*). Hartina dongéng téh didongéngkeun deui.

Nilik kana wanda jeung eusina, dongéng téh kaasup rékaan baheula. Patempatan anu jadi latarna mindeng tétéla gambaran kaayaan jaman baheula. Kajadianna sakapeung sok pamohalan, corak rékaan heubeul anu mindeng ngolah siloka atawa alegori pikeun mungkus téma (Iskandarwassid, 2003 kc.31). Saluyu jeung Iskandarwassid, Danandjaja (1984, kc.83) nétélakeun yén dongéng téh nya éta prosa rahayat anu caritana henteu bener-bener kajadian. Dongéng dicaritakeun utamana keur hiburan, sanajan eusina loba ogé anu ngandung bebeneran, atawa pangajaran (moral).

Dongéng-dongéng anu aya di Indonésia bisa kawilang loba, lantaran memag daérah di Indonésia kacida lobana. Indonesia miboga sélér bangsa anu loba, ti mimiti Sabang nepi ka Merauke. Ku sabab kitu, unggal daérah di Indonésia

miboga dongéngna séwang-séwang, misalna waé di daérah Sunda aya dongéng Tangkuban Parahu, di Sumatera aya dongéng Malin Kundang, di Kalimantan aya Nini Kudampai, jrrd.

Sakabéhna dongéng téh pasti boga bébédaan. Bébédaan éta bisa katitén dina basa anu dipaké, adat anu aya dina eusi carita, kahirupan sosialna, atawa budaya-budayana. Tapi, teu jarang ogé dongéng-dongéng di Indonésia téh miboga sasaruana, misalna dina téma anu sarua. Upamana dina dongéng “Dalem Boncél” ti tatar Sunda, “Malin Kundang” ti Sumatera, “Nini Kudampai” ti Kalimantan. Tilu dongéng éta téh boga téma nu sarua, nya éta ngeunaan budak doraka.

Ayana sababaraha dongéng anu boga sasaruana jeung bébédaan téh ngirut pikeun ditalungtik sangkan maham naon waé babandingan anu aya dina unggal dongéng anu ditalungtik. Pikeun meunangkeun hiji ma’na dina karya sastra, tangtu waé kudu dilakukeun analisis karya sastra. Dina ieu panalungtikan, pikeun meunangkeun babandingan dina dongéng ngagunakeun analisis sastra bandingan.

Nurutkeun Endraswara (2004, kc.128) sastra bandingan nya éta *studi across cultural*. Anu merhatikeun hubungan hiji sastra dumasar aspék waktu jeung tempat. Dumasar Aspék waktu, sastra bandingan bisa ngabandingkeun dua atawa leuwih dina periodeu anu béda. Anapon aspék tempat, ngawengku sastra bandingan nurutkeun wilayah géografis sastra. Kajian sastra bandingan nya éta paélmuan sastra anu maluruh kumaha patalina hiji karya sastra jeung karya sastra séjén, atawa widang séjén.

Sastra bandingan bisa maluruh kumaha bébédaan jeung sasaruana karya sastra. Dumasar kana obyékna, dina ieu panalungtikan digunakeun kajian sastra bandingan téoritik. Nurutkeun Endraswara (2011, kc.137) kajian sastra bandingan téoritik téh miboga tujuan pikeun ngagambarkeun sacara jéntré kaédah-kaédah sastra. Misalna, panalungtik bisa ngabandingkeun genre sastra, kritik sastra (sturkturalisme-formalisme), téma, jst.

Salian ti maké pamarekan sastra bandingan, dina ieu panalungtikan ogé ngagunakeun pamarekan struktural. Nurutkeun Iskandarwassid (2003, kc.153)

struktur téh nya éta rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembheng miboga ma'na. Pikeun apal kana struktur karya sastra, tangtu waé kudu aya alat pikeun mesék (ngarakrak) karya sastra, diantarana ngagunakeun unsur-unsur téma, palaku, latar, jeung galur.

Sakumaha anu dijelaskeun di luhur, dongéng minangka karya sastra buhun téh tangtu ngandung ajén-ajén, pikeun nu maca, atawa anu ngadéngé, boh nu sipatna atikan pikeun ngeuyeuban pangaweruh, boh pikeun ngeuyeuban paripolah jalma. Sabab gumelarna dongéng téh pikeun média nepikeun bebeneran ka barudak. Upamana baé lamun aya jalma bener tangtu meunang pahala, jelema salah tangtu meunang siksaan atawa cilaka.

Ku sabab kitu, pangajaran sastra tangtu waé kudu ditepikeun ka barudak ti leuleutik. Supaya ka hareupna bangsa Indonésia miboga tuturus anu miboga ahlak anu hadé. Ieu hal nu jadi cukang lantaran kapilihna tilu dongéng nya éta dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang, jeung Nini Kudampai*, jadi bahan obyék panalungtikan. Lantaran dina éta tilu dongéng téh miboga carita keur pieunteungeun pikeun nu maca atawa anu ngadéngé.

Hakékatna pangajaran sastra téh pikeun umajak ka siswa neulueman pangalaman-pangalaman batin anu nyangkaruk dina karya sastra. Lain saukur niténan guluyurna jalan carita, tapi ogé siswa bisa meunangkeun atikan-atikan anu bisa ngawewegan moralna pikeun bekel kahirupanana. Ieu hal téh saluyu jeung tarékah pamaréntah pikeun ngawangun tuturus bangsa anu miboga karakter anu hadé. Nurutkeun Kementrian Pedidikan Nasional dina Syarbini (2012, kc. 25) geus ngawincik 18 ajén atikan karakter anu sumberna tina agama, budaya jeung falsafah bangsa, nya éta: *réligius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, demokratis, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta tanah air, menghargai préstasi, komunikatif cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial, jeung tanggung jawab*.

Nilik kana kumaha pentingna pangajaran sastra, komo deui pangajaran dongéng jaman kiwari mah geus sakuduna ditingkatkeun di sakola-sakola, sabab ayeuna pola hirup masarakat téh loba nu robah. Ieu hal téh balukar tina beuki

réana informasi *global* anu datangna tina tv, majalah, koran, radio, atawa internét ngajadikeun masarakat nyanghareupan hiji kahirupan *modern*. Ieu hal téh ngabalukarkeun budaya ngadongéng leungit di masarakat. Kolot-kolot geus mimiti poho ngadongéngkeun carita ka barudak, alatan saribuk. Padahal mah ngadongéng téh kacida pentingna pikeun ngawangun karakter anu hadé dina diri barudak. Salian ti kitu ngadongéng ogé bisa ngajadikeun barudak leuwih deukeut jeung kolotna, ku sabab ngadongéng mangrupa komunikasi dua arah. Nurutkeun Ikranegara (tt, kc.3) ngadongéng mangrupa komunikasi dua arah. Barudak bisa sacara *kritis* nanyakeun hiji hal anu teu asup akal, tuluy dijawab ku kolotna sacara wijaksana, supaya barudak bisa nurutan watek tokoh anu hadé jeung nyingkahan watek tokoh anu goréng.

Ku kituna kudu aya tarékah pikeun nyingkahan tradisi dongéng supaya teu leungit. Misalna waé, ieu hasil panalungtikan dijadikeun alternatif bahan pangajaran di sakola. Sakumaha dina kurikulum 2013 ngeunaan pangajaran dongéng anu aya dina poin 7.3.5 *Menelaah, mengidentifikasi, dan memahami dongéng sesuai dengan kaidah-kaidahnya*. Dipiharep ngaliwatan ieu panalungtikan, anu maca bisa leuwih apal kumaha jembarna dongéng-dongéng di Indonesia jeung deui bisa maham kumaha bédana dongéng-dongéng di unggal daérah sok sanajan témana sarua.

Panalungtikan ngeunaan sastra bandingan can loba nu nalungtik, tapi ngeunaan objék panalungtikan struktural jeung atikan karaktér mah geus loba. Aya nu kungsi nalungtik ngeunaan babandingan dina karya sastra, nu kapaluruh mah éta panalungtikan téh dilaksanakeu ku Tuti Sri Haryati taun 2006, anu judul panalungtikanna “*Babandingan Karakter Palaku Utama dina Novel Baruang ka nu Ngarora jeung Gogoda ka nu Ngarora*”.

Sakumaha nu geus dijaskeun diluhur obyék panalungtikan struktural jeung atikan karakter mah geus loba nu nalungtik, contona panalungtikan nu dilakukeun ku Yesi Gsumiyani ti taun 2012, anu judul panalungtikanna nya éta “*Ajén Moral dina Buku Dongéng-dongéng Pakidulan Garut pikeun Bahan Pangajaran di Sakola (Ulikan Struktural jeung Semiotik)*”.

Ku kituna, ieu panalungtikan téh kudu dilakukeun, pikeun ngajembaran panalungtikan ngeunaan babandingan dina karya sastra. Salian ti kitu, ieu panalungtikan ogé pikeun investasi guru dina ngembangkeun bahan pangajaran, utamana dina bahan pangajaran dongéng.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh dijudulan “Babandingan Dongéng Dalem Boncél, Malin Kundang, jeung Nini Kudampai pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Stuktural jeung Ètnopédagogik).

1.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun deui ngagunakeun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha struktur dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung dongéng *Nini Kudampai* anu ngawengku téma, galur, latar, jeung palaku?
- 2) Kumaha babandingan struktur dina dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* anu ngawengku téma, galur, latar, jeung palaku?
- 3) Naon waé atikan karakter anu nyampak dina dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai*?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh babandingan struktur dina dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai*, tuluy dipatalikeun jeung atikan karakter anu nyampak dina masing-masing dongéng.

1.3.2 Tujuan Khusus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Ngadéskripsikeun struktur dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai*.
- 2) Ngadéskripsikeun babandingan struktur dina dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai*.
- 3) Ngadéskripsikeun atikan karakter anu nyampak di masing-masing dongéng.
- 4) Larapna hasil tina panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nya éta: 1) mangpaat tina segi teoritis, 2) mangpaat tina segi praktis, 3) mangpaat tina segi kawijakan, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Teoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta ngeuyeuban dunya paélmuan ngeunaan sastra, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan dongéng, atikan karakter, babandingan karya sastra, jeung kajian struktural anu aya dina hiji karya sastra.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Bisa jadi sumber référénsi pikeun para mahasiswa jeung akademisi séjénna dina nalungtik karya sastra Sunda;
- 2) Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan dongéng-dongéng Indonésia.
- 3) Bisa ngeuyeuban produk panalungtikan karya ilmiah tina jihat sastra.
- 4) Pikeun panalungtik bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan.
- 5) Pikeun maham ajén karakter dina hiji karya sastra.

1.4.3 Manfaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi keur pamaréntah dina raraga ngadokumentasikeun hiji tradisi anu hirup di masarakat, hususna tradisi dongéng. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan ogé bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran dongéng di SMP kelas VII.

1.4.4 Manfaat tina Segi Aksi jeung Isu Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep méré gambaran sarta pangaweruh ka nu maca ngeunaan kumaha jembarna dongéng-dongéng nu aya di Indonésia sangkan bisa ngajaga, ngariksa, jeung ngamumulé tradisi dongéng nu geus aya.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika dina ieu skripsi ngawengku lima bab, sakumaha anu dipedar di handap.

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, manfaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta manfaat teoritis jeung manfaat praktis, sarta sistematika penulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, medar ngeunaan tiori-tiori anu baris jadi tatapakan panalungtikan. Tiori-tiori anu dipedar di antarana ngeunaan dongéng, strukturalisme, sastra bandingan, atikan karakter, bahan pangajaran. Salian ti ngeunaan tiori-tiori anu jadi tatapakan, dina bab II dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir panalungtikan.

Bab III Metodologi Panalungtikan, medar ngeunaan desain panalungtikan anu dipake, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, nu pamungkas analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran tina panalungtikan, diantarana waé pedaran ngeunaan struktur dongéng, babandingan struktur dongéng, atikan karakter, jeung bahan pangajaran maca dongéng pikeun siswa SMP.

Bab V Kacindekan jeung saran, medar ngeunaan penafsiran ahir panalungtik kana hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina rumusan masalah, sedengkeun saran minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.